



Pwogram Early Head Start (Avans Bonè) ki fèt nan Sant



PREPARASYON POU LEKÒL KÒMANSE LA A.



Kisa Pwogram ABCD Early Head Start ki fèt nan Sant la ye?

Pwogram Early Head Start (Avans Bonè) ki fèt nan Sant la bay tibebe ak timoun pitit edikasyon pou timoun piti. Pwogram nan konsantre sou preparasyon pou lekòl, byennèt fizik, ak devlopman mantal ak sosyo-emosyonèl timoun depi yo tibebe jiskaske yo pare pou fè tranzisyon nan lekòl preskolè. Pwogram nan gen yon apwòch devlopman fanmi ki ofri sèvis konplè pou timoun yo ansanm ak fanmi yo. Gen plizyè pwogram ABCD Head Start ak Sèvis pou Timoun yo nan tout vil Boston. Chak pwogram louvri diferan lè selon bezwen ak kalifikasyon fanmi yo.

Chak sant gen sèvis konplè sa yo:

Edikasyon:

Pwogram akademik nou an te kreye pou satisfè bezwen chak gress timoun, pandan nou bay orijin, kilti, ak lang chak kominate valè an menm tan. Chak timoun jwenn plizyè kalite eksperyans pou aprann ki ede yo grandi sou plan fizik, entelekyèl, sosyal, ak emosyonèl. Yo devlope pwogram akademik klas la selon enterè timoun yo epi li fèt yon fason pou kreye opòtinite pou yo aprann. Lè nou kreye yon patenarya ak chak fanmi, objektif nou se pou prepare chak timoun pou transfizyon nan lekòl preskolè ak pou yo kontinye reyisi ak tout edikasyon yo.

Early Head Start bay sèvis edikasyon espesyal nan yon klas kote tout moun patisipe. Gen espesyalis nan ekip la ki devwa espesyalman pou soutni edikasyon timoun ki gen bezwen espesyal yo, ansanm ak fanmi yo. Yo ajoute objektif yon Plan Sèvis pou Fanmi Endividye (Individual Family Service Plan, IFSP)



yon timoun nan eksperyans edikasyon Head Start timoun nan. Pou timoun ki gen IFSP yo, manm pèsonèl nou yo ap travay deprè ak pwogram Entèvansyon Bonè yo ansanm ak paran timoun nan pou asire timoun nan jwenn sèvis yo idantifye yo.

Sante Fizik ak Sante Mantal ak Nitrisyon:

Nou fè tès zòrèy, zye, ak nitrisyon pou timoun yo chak ane, epi nou bay yo sèvis ak referans ki apwopriye nan pwogram nan. Nou ofri fanmi yo resous pou soutni sante pitit yo lè yo bezwen. Nou sèvi yo repa ki bon pou lasante ak byen ekilibre chak jou. Nou prepare repa sa yo se tankou "manje lakay" kòm yon opòtinite pou yo aprann modèl langaj, pou pran kontak ak lòt moun, ak pou konnen nouvo manje. Pwogram nou yo travay avèk chak fanmi pou asire nou bay bezwen kiltirèl yo valè epi nou adapte rejim alimantè espesyal yo. Manm pèsonèl sante ak nitrisyon yo ofri fanmi yo enfòmasyon ak yon diferan opòtinite pou aprann fason pou viv an sante pandan y ap patisipe nan devlopman fizik pitit yo.

Yon pwofesyonèl sante mantal disponib pou chak pwogram Early Head Start pou bay sèvis sante mantal pou timoun yo ak fanmi yo. Gen fòmasyon ak sipò ki kontinye regilyèman pou anviwònman klas ki gen bon kalite epi ki ankouraje siksè, sekirite, ak byennèt pou chak timoun.





Soutyen pou Fanmi:

Manm pèsonèl nan sèvis pou fanmi yo travay avèk chak fanmi pou kreye yon patenarya pou reyalize objektif paran yo devlope. Yo bay resous ak referans, entèvansyon kriz, ak sèvis pou fanmi ki reflete bezwen yo ak enterè yo. Yo ofri opòtinite pou paran yo konekte youn ak lòt, ak pwogram nan, ak kominote yo an jeneral, ak yon konsantrasyon sou sipò pou devlopman fanmi an sante, lidèchip, ak konpetans nan travay.

Angajman Paran & Kontwòl

Pwogram nan:

Angajman paran se yon pati esansyèl nan pwogram nou an. Early Head Start se yon patenarya ak paran yo pou ede pitit yo aprann. Paran yo kapab fè pati planifikasyon pwogram nan kote yo patisipe nan reyinyon yo epi yo bay fidbak sou sèvis nou bay yo. Anpil paran sèvi kòm Manm Konsèy Politik Paran ak / oswa Komite Paran yo, kote yo gen yon vwa nan desizyon yo ka planifikasyon pwogram yo. Epi tou, yon lòt fason paran yo patisipe nan aprantisaj pitit yo se lè yo fè benevolà nan pwogram oswa klas yo, ale nan sòti akademik, patisipe nan klas, gwooup, oswa atelye, ak fè aktivite akademik nan pwòp kay yo ki se travay an plis sa timoun yo aprann lakay yo.

Kijan pou mwen aplike?

Si ou gen yon timoun ant 4 semèn ak 2.9 ane ou ka kalifye pou swa pwogram sis (6) èdtan pa jou nou an oswa pwogram 10 èdtan pa jou nou an. Nou aksepte aplikasyon pandan tout ane a. Pou pwogramme yon randevou pou ranpli yon aplikasyon ou kapab:

- Rele oswa ale nan biwo lokal pwogram ABCD Early Head Start ou a.
- Rele biwo Santral nou an nan 617-348-6388.
- Voye yon imèl ba nou nan headstart@bostonabcd.org

Nan randevou pou ranpli aplikasyon ou a y ap mande pou ou bay dokiman sa yo:

- Prèv laj ptit ou: Batistè, sètifikasi batèm, paspò oswa dosye lopital;
- Prèv kote li rete: Bòdwo sèvis publik, resi/kontra lwaye, lèt yon abri, etadkont kat kredi, etadkont labank ki montre ki kote ou abite.
- Prèv revni fanmi an: Fòm deklarasyon taks, souch chèk, lèt TANF/TAFDC, lèt SSI, konpansasyon travay oswa deklarasyon chomaj, sipò timoun oswa akò pou pansyon alimantè ki montre konbyen revni fanmi an ye pa ane ak tout sous.



Kisa ki pral pase si yo aksepte pitit mwen an?

Nou pral rele ou nan telefòn epi ekri ou pa lapòs si yo aksepte pitit ou a. Gen detwa lòt kondisyon ou ta dwe konnen sou anvan pitit ou a enskri.

Paran / responsab legal tout tibebe ak timoun pitit yo aksepte nan pwogram Early Head Start la dwe kontre ak Manadjè Sante ak Nitrisyonis la pou fè yon entèvyou konplè sou sante ak nitrisyon avan pitit ou a ap ka kòmanse klas yo.

Pwosesis enskripsyon an ka ale pi vit si ou bay pwogram nan enfòmasyon sa yo pi vit posib:

- Yon kopi dosye vaksinasyon pitit ou, dènye egzamen fizik (ki date nan dènye 12 mwa yo) ak yon Evalyasyon Risk pou Tibèkiloz. Ou ka bezwen dokiman sa yo avan li ka patisipe nan klas yo.
- Yon kopi dènye egzamen dan pitit ou. Timoun yo bezwen fè yon egzamen dan 90 nan 90 jou apre enskripsyon an. Si pitit ou a pa gen yon dantis, ou ka bay konsantman pou li resevwa swen dan nan pwogram nou an atravè Sèvis Swen Dan Mobil la.
- Si pitit ou a gen yon pwoblèm sante oswa yon kondisyon espesyal, ou pral bezwen ranpli lòt fòm avan n ap ka enskri li. Kontakte manm pèsonèl pwogram nan sou fòm ou menm ak doktè pitit ou pral bezwen ranpli yo.
- Si pitit ou a gen bezwen espesyal, I ap enpòtan pou bay pwogram nan yon kopi IFSP pitit ou.



Apre ou fin bay dokiman pitit ou a pou pwogram nan, men sa ki pral pase:

Vizit Lakay ou:

Ekip ansèyman pitit ou an ap kontakte ou pou fè yon vizit lakay ou avan osa apre enskripsyon pitit ou a. Rezon yo pral vizite lakay ou se pou aprann sou enterè ak aktivite pitit ou a, pou ranpli fòm evalyasyon Laj ak Etap yo, ak pou diskite sa ou ta renmen pitit ou reyalize pantan tan li nan Early Head Start. Nou fè aktivite sa yo nan kay la paske se la pitit ou pi alèz epi sa pèmèt nou aprann konnen ou menm ak fanmi ou yon kote nou abitye.

Pandan tout ane pwogram nan, manm pèsònèl la pral pwogramme vizit lakay ou lè ki bon pou fanmi ou pou nou kapab sipòte objektif ou pou pitit ou ak fanmi ou, evalye pwogrè pitit ou nan klas la, ak planifye kijan ou pral patisipe nan pwogram nan ak nan edikasyon pitit ou.

Oryantasyon Pwogram nan:

Chak fanmi pwogramme pou patisipe nan yon oryantasyon nan pwogram lokal yo a pou garanti ou enfòme sou sèvis yo pral ofri ou yo ak kijan ou kapab patisipe nan edikasyon pitit ou. Oryantasyon an se yon opòtinite pou paran yo kontre ak manm pèsònèl pwogram nan, aprann sou politik ak pwosedi pwogram nan, epi tandem opòtinite enteresan nou ofri yo!

Premye Pa:

Lè sa posib, nou mande yon paran / responsab legal timoun nan akonpanye li pou yon entwodiksyon nan klas li. Sa ap yon ti vizit tou kout pou asire ou menm ak pitit ou alèz epi no pare pou kòmanse tranzisyon nan lekòl la.

Angajman Paran San Rete ak Patenarya ak Manm Pèsònèl la:

Nou ofri sipò ak ankourajman pou paran yo patisipe nan tout pati pwogram nou an. Nou ankouraje paran yo ofri tèt yo kòm benevòl nan salklas yo oswa nan pwogram lan, epi patisipe nan sòti lekòl la ak lòt evènman ak aktivite lekòl yo. An plis, nou òganize reyinyon, atelye ak lòt opòtinite edikasyon pou paran yo regilyèman epi nou swete y ap patisipe. Sa ki pi enpòtan, nou kreye yon patenarya ak fanmi yo youn-a-youn pou soutni objektif ou genyen pou pitit ou ak fanmi ou.

PREPARASYON POU LEKÒL KÒMANSE LA A.

Yvette Rodriguez
*Vis Prezidan,
ABCD Head Start ak Sèvis pou Timoun*

*Pou jwenn plis enfòmasyon, kontakte:
Administratè ERSEA a
617.348.6388*



**ABCD Head Start ak Sèvis pou Timoun se yon pwogram Action for Boston
Community Development (Aksyon pou Developman Kominote nan Boston)**
178 Tremont Street • Boston, MA 02111 • 617.348.6000 • bostonabcd.org